

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 KACINDEKAN

Ieu panalungtikan nu judulna “Ulikan Struktural Jeung Ajén Atikan Karakter Dina Wawacan Carita Perang Cina di Tanjungpura Kabupatén Purwakarta (Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran di SMA)” medar: (1) struktural formal; (2) struktur naratif; (3) struktural génétik; (4) ajén atikan karakter; jeung (5) alternatif bahan ajar aprésiasi wawacan tina WPC.

Tina lima perkara nu dipedar ku panulis tétéla diwincik deui jadi sababaraha aspék leutik tina unggal poin. Dina struktural formal diébréhkeun deui soal: (1) Analisis Guru Lagu jeung Guru Wilangan WPC; (2) Pedotan jeung Wirahma WPC; (3) Watek Pupuh jeung Sasmita WPC. Dina struktural formal diébréhkeun deui soal: (1) Konsép Subjék Koléktif; (2) Konsép Fakta Kamanusaan; (3) Konsép Sawangan Dunya; (4) Konsép “Maham-Pertélaan” jeung “Gunggungangan-Bagian”. Dina struktur naratif diébréhkeun soal téma, fakta carita sarta sarana carita. Dina ajén atikan karakter dibagi deui jadi lima bagian ajén kayaning: (1) ajén réligius; (2) ajén gotong royong; (3) ajén mandiri; (4) ajén integritas; (5) ajén nasionalis.

Dina ieu panalungtikan tiori nu digunakeun pikeun mesék struktur formal nyoko kana pertélaah Ruhaliah (2018) dina bukuna ngeunaan wawacan. Sedengkeun patali jeung struktural génétikna nyoko kana pertélaan Faruk (2015) dina bukuna ngeunaan sosiologi sastra. Sedengkeun soal ajén atikan karakter nyoko kana pertélaan Sriwilujeng (2017) ngeunaan implementasi pendidikan karakter. Struktur naratifna nyoko kana pertélaan Stanton nu diraéh ku Koswara (2013). Pamarekan nu digunakeun dina ieu tulisan nyaéta pamarekan kualitatif kalayan déskriptip salaku métodena. Anapon téknik nu digunakeun dina ngumpulkeun data digunakeun téknik taalaah pustaka sarta dokuméntasi. Instrumén nu digunakeun nyaéta kartu data. Pikeun ngolah data digunakeun analisis unsur langsung. Objék kajian dina ieu tulisan nyaéta 309 pada dina WPC.

Hasil panalungtikan nétélakeun struktur formal. Kahiji patali jeung guru lagu sarta guru wilangan nu teu luyu jeung patokan-patokan nyaéta aya 24. Pupuh asmarandana nu teu luyu jeung patokan-patokan aya 12. Pupuh durma nu teu luyu jeung patokan-patokan aya 8. Pupuh kinanti nu teu luyu jeung patokan-patokan aya 2. Pupuh sinom nu teu luyu jeung patokan-patokan aya 2. Kadua patali jeung pedotan sarta wirahma. Kapanggih 246 bagian WPC nu teu luyu jueng aturan adegan atawa pedotan sarta wirahma. Katilu ajén atikan karakter kapanggih tilu ajén nyaéta ajén gotong royong, mandiri, réligius, nasionalis, integritas. Struktur naratifna dina WPC kapanggih téma na téh soal pangperangan kalayan fakta carita nu dijerona salah sahijina aya tokoh (kapanggih 49 tokoh) sarta sarana carita nu salah sahijina puseur implengan, dina WPC ngagunakeuna jalma katilu puseur implenganna. Pamungkas ieu panalungtikan ngébréhkeun WPC upama dijadikeun alternatif bahan ajar aprésiasi wawacan di SMA.

5.2 SARAN

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan ulikan struktural sarta ajén atikan karakter, aya saran-saran kayaning ieu di handap.

Saran ka guru diusahakeun waktu milih bahan ajar barudak atawa bahan pikeun ngajar, wawacan nu digunakeun ku murid kudu ngandung ajén-inajén. Upama murid dibiasakeun ngaprésiasi wawacan kalayan wawacanna atawa sumberna nu euyeub ku ajén-inajén bisa nambahan pangaweruh sarta pangalaman nu leuwih pikeun murid. Ku seringna ngaprésiasi wawacan bisa ngalatih murid bisa maké basa Sunda nu bener, merenah. Guru ogé bisa nguji coba sarta nganalisis ngeunaan naon nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan dilarapkeun dina pangajaran di kelas. Upama ieu panalungtikan dianggap rélévan pikeun bahan informasi murid tétéla bisa dijieun wangun anyar kayaning mading historis patali jeung naon nu aya dina wawacan. Wangun animasi ngeunaan carita atawa sempalan carita dina wawacan pikeun diupload dina *youtube*, jeung nu séjénna.

Saran ka murid, dina lumangsungna pangajaran tétéla murid kudu parigel dina néangan sumber séjén pikeun bahan ngabandingkeun sakumaha hal nu ditepikeun ku guru. Ieu hal taya lian ti pikeun méré pangaweruh nu leuwih jembar tina pokok-pokok pasualan dina pangajaran murid diperedih bisa méré maksud nu

leuwih kana sakumna pangajaran nu ditepikeun ku guru. Ajén-inajén nu dibeunangkeun tina sakumna kagiatan belajar pembelajaran kudu méré pengalaman nu bisa nyieun parobahan dina sikep murid sangkan leuwih maham kana sajarah tur bisa nyaho sajarah nu disampakkeun tina bacaan kayaning wawacan.

Pikeun pamaca sacara umum, naon nu ditétélakeun dina ieu tulisan masih heureut sarta pamaca diperedih macaan deui sumber séjén nu patali jeung ieu panalungtikan sangkan interprétasina leuwih jembar. Gedé harepan tina ieu panalungtikan bisa muncul panalungtikan séjénna nu patali jeung panalungtikan kayaning panalungtikan struktur formal, struktur génétik, ajén atikan karakter, sarta bahan ajar nu tacan kaguar dina ieu panalungtikan.